

# Planifikasyon pou gen Kè Poze: Yon Gid pou Ijans Pèsonèl

**Yon resous volontè pou ede moun e fanmi yo planifye pou sitiyasyon enprevi yo.**

## Poukisa planifikasyon enpòtan

Resous sa a ki soti nan Biwo pou Pwomosyon Imigran ak Refijye yo ede moun e fanmi yo prepare pou evènman enprevi. Se yon zouti volontè ki ka adapte selon bezwen w yo. Ijans yo ka rive nenpòt ki lè. Lè w gen yon plan, sa ede oumenm ak moun pwòch ou yo rete an sekirite, konekte, epi enfòme lè bagay yo chanje sanzatann.

## Etap kle pou konsidere

### 1. Idantifye Kontak Dijans yo

- Chwazi omwen de moun ou fè konfyans—youn nan zòn ou ak youn ki pa nan zòn ou—ke yo ka kontakte nan ka dijans.
- Ekri nimewo telefòn yo epi kenbe yo nan bous ou, nan telefòn ou, oswa nan yon lòt kote ki an sekirite.

### 2. Konnen Enfòmasyon Enpòtan yo

- Anrejistre detay esansyèl tankou medikaman, founisè swen sante, kontak lekòl, ak bezwen nenpòt depandan ou.
- Asire w yon moun ou fè konfyans konnen kijan pou jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo si sa nesesè.

### 3. Planifye pou Bezwen Fanmi an ak Fwaye a

- Pale avèk manm fanmi ouwa lokatè nan kay ou konsènan sa pou yo fè si yon moun pa ka antre an kontak touswit.
- Chwazi yon kote ki an sekirite pou rankontre epi pataje nimewo kontak enpòtan yo.

### 4. Kenbe Kopi Dokiman Enpòtan yo

- Sere kopi idantifikasyon, asirans, ak dokiman legal yo nan yon kote ki an sekirite.
- Si sa posib, bay yon zanmi oswa yon manm fanmi ou fè konfyans yon kopi.

#### 5. **Konnen Resous Lokal Ou yo**

- Aprann plis sou liy asistans lokal yo, òganizasyon kominotè yo, oswa resous legal ak resous sante ki ka bay èd nan yon sitiyasyon kriz.

### **Konnen resous lokal ou yo**

- [Equity Corps of Oregon – Sèvis Legal Gratis pou Imigrasyon](#)
- [Oregon for All – Resous ak Bwat Zouti pou Jistis pou Imigran yo](#)
- [Pwogram ODHS pou Refijye yo](#)
- [Oregon Law Center ak Latino Network – Gid Pwoteje Fanmi Ou \(an Anglè ak Espayòl\)](#)

**Kreye yon plan se yon bagay ki fèt volontèman epi li ka ede diminye estrès nan moman ensètitud yo. Se yon kesyon de prepare—se pa predi sitiyasyon dijans.**

---

Ou ka jwenn dokiman sa a gratis nan lòt lang, gwo lèt, braille oswa yon fòm ou pi pito. Kontakte OIRA nan [oira.info@odhsoha.oregon.gov](mailto:oira.info@odhsoha.oregon.gov). Nou aksepte tout apèl relè yo.